



## Division of Criminal Justice Services

### Demann pou Jwenn Aksè nan Enfòmasyon ki nan Dosye Istwa Kriminèl

Nou bay aksè nan enfòmasyon ki nan dosye istwa kriminèl ki nan Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Criminal Justice Services, DCJS) Eta New York pou travay oswa lisans sèlman si gen yon lwa leta, yon lwa federal, oswa yon lwa lokal yon vilaj, yon ti vil, yon gwo vil, oswa yon konte Eta New York ki bay otorizasyon espesyal pou verifye enfòmasyon ki nan dosye istwa kriminèl ki baze sou anprent dijital.

Ajans ki Fè Demann: \_\_\_\_\_

Non pou kontakte: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_

Adrès Imèl: \_\_\_\_\_

1. Kalite demann lan (tanpri tcheke tout sa ki aplike):

- Soumisyon anprent dijital pou verifikasiyon dosye kriminèl moun ki aplike pou travay/lisans
- Revizyon legal lwa lokal yo pwopoze pou detèmine si li ase pou bay aksè nan istwa kriminèl
- Aksè nan istwa kriminèl nan Pòtay eJusticeNY Integrated Justice
- Aksè limite pou Ofisyè Lapè. Ofisyè lapè yo ka gen aksè nan enfòmasyon yo vle ak enfòmasyon ki pa la yo konsève nan DCJS pou yo fè rechèch; epi, avèk pèmisyon Lapolis Leta, yo ka gen aksè tou nan enfòmasyon sou lisans ak anrejistreman ki pa gen foto nan Depatman Veyikil-a-Motè (Department of Motor Vehicle). Pou enstitisyon yo oswa ajans yo kapab aplike pou yo jwenn aksè sa a, ofisyè lapè yo anplwaye yo dwe bay:

Dekrè oswa lwa ki te kreye ajans lan oswa enstitisyon an;

Dekrè oswa lwa ki otorize ofisyè lapè ajans/enstitisyon an gen pouvwa pou arete moun; epi

Yon deklarasyon ki sou papye antèt ajans lan/enstitisyon an, ki gen siyati yon ofisyèl otorize, ki endike ajans lan/enstitisyon an se yon ajans jistis kriminèl jan sa defini nan Seksyon 20.3 (g) (2) Kòd Règ Federal (Code of Federal Rules, CFR) 28; epi ki verifye plis pase 50 poustan tan ofisyè lapè yo itilize sèlman pou administrasyon jistis kriminèl jan sa defini nan Seksyon 20.3 (b) 28 CFR.

2. Lwa leta oswa lwa lokal oswa lwa federal oswa règleman federal ki bay otorizasyon pou aksè nan istwa kriminèl (tanpri dekri epi tache lwa a oswa règleman an):

---

---

3. Èske yo mande aksè nan enfòmasyon ki nan dosye federal istwa kriminèl yo konsève nan Biwo Federal Ankèt (Federal Bureau of Investigation, FBI)? Tanpri sonje sa pa aplike pou lwa lokal yo.

Wi  Non

Si ou reponn wi, tanpri dekri epi tache yon kopi lwa leta oswa lwa federal oswa règleman federal ki bay otorizasyon pou gen aksè nan enfòmasyon ki nan dosye federal istwa kriminèl yo kenbe nan FBI.

---

---

**Tanpri sonje:** Gouvènman lokal yo ta dwe swiv gid ki endike anba la yo lè y ap prepare yon lwa lokal k ap ase pou pèmèt ajans lan soumèt demann anprend dijital moun ki aplike epi ki pa kriminèl nan DCJS. Yon lwa lokal dwe gen ladan:

- Sèten kalite lisans/tit djòb ki lakòz anprend dijital la obligatwa;
- Yon dispozisyon ki endike moun ki aplike a dwe soumèt anprend dijital yo ak nenpòt frè ki anvigè nan fòm ak mannyè DCJS endike;
- Ajans minisipal la ak tit anplwaye k ap responsab pou revize enfòmasyon ki nan dosye istwa kriminèl; epi
- Yon dispozisyon ki endike si lajistis te kondane yon fiti moun ki aplike pou yon krim, nenpòt desizyon konsènan konpetans fiti moun sa a ki aplike a pou yon lisans dwe fèt sou konsiderasyon Lwa sou Koreksyon §§701-703-b ak §§751-753 Eta New York. Lwa sou Koreksyon §§701-703-b prevwa sètifikasi soulajman nan andikap ak sètifikasi bon konduit, epitou §§751-753 endike règleman piblik New York pou ankouraje yo bay lisans ak travay pou moun lajistis te kondane anvan pou youn oswa plis zak kriminèl ak faktè yo ta dwe konsidere lè y ap fè detèminasyon pou anboche moun nan.

Yo dwe soumèt tou prèv ki montre depo lwa lokal la nan Depatman-Deta New York ansam avèk demann pou konsiderasyon lwa lokal la. Si yon ajans oswa yon enstitisyon ap chèche jwenn yon revizyon, yon lwa lokal anvan yon gouvènman lokal te pibliye lwa a, kondisyon pou bay prèv sa a ki montre depo lwa a pa anvigè.

Tanpri poze nenpòt kesyon sou kondisyon sa yo ba Biwo Sèvis Legal DCJS nan imèl adrès [dcislegalservices@dcjs.ny.gov](mailto:dcislegalservices@dcjs.ny.gov) oswa nan nimewo (518) 457-8413.

## Soumèt Fòm nan